**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–14.06.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————————

कुवैत मे आगिलग्गि के घटना मे बिहारक एक आओर श्रमिक के मृत्यु हेबाक पुष्टि भेल अछि। एहि हादसा मे बिहारक एखन धरि दू गोटे के मृत्यु भेल अछि। श्रम संसाधन विभागक अनुसार मृतक के पहचान गोपालगंज जिलाक सपहा गाम निवासी शिवशंकर सिंह के रूप मे भेल अछि। एहि हादसा मे पहिनहि दरभंगा निवासी काले खां के मृत्यु हेबाक पुष्टि भऽ चुकल अछि। एम्हर, आगिलग्गि मे मारल गेल पैंतालीस गोटे के लहास के लऽकऽ वायुसेना के विमान आइ भोरे कोचीन अंतर्राष्ट्रीय हवाई अड्डा पर पहुंचल। हवाई अड्डा पर एकतीस लहास उतारल गेल। जाहि मे सँ तेइस केरल के, सात तमिलनाडु के आ एक कर्नाटक के छल। दुर्घटना मे मारल गेल बिहारक दरभंगा निवासी काले खां सहित चौदह मृतक लोकनिक लहास के ओहि विमान सँ दिल्ली आनल गेल। हरेक शव के हुनक सम्बंधित मूल स्थान धरि लऽ जयबाक लेल एम्बुलेंस के व्यवस्था कयल गेल अछि।

————————————————————

सुप्रीम कोर्ट नीट यूजी परीक्षा मे प्रश्न पत्र लीक आ आन अनियमितता के आरोपक सीबीआई जाँच के मांगवला याचिका पर केन्द्र आ राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी एनटीए सँ जवाब मांगलक अछि। न्यायामूर्ति विक्रमनाथ आ संदीप मेहता के अवकाश पीट एक जनहित याचिका पर सुनबाई करैत सीबीआई आ बिहार सरकार के दू सप्ताह के भीतर जवाब दाखिल करबाक निर्देश देलक। एहि मामिला मे लंबित आन जनहित याचिका पर सेहो आठ जुलाई के सुनवाई कयल जायत।

————————————————————

प्रदेश मे आब बेरोजगार युवा लोकनि के बेरोजगारी भत्ता देल जायत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे राज्य मंत्रिमंडलक भेल बैसक मे बिहार बेरोजगारी भत्ता नियामावली दू हजार चौबीस के स्वीकृति प्रदान कयलक अछि। नियमावली के अंतर्गत

बेरोजगार लोकनि के रोजगारक लेल आवेदन देबऽ परत। जँऽ आवेदक के पन्द्रह दिनक भीतर रोजगार नहि भेटैत अछि तऽ हुनका सरकार दैनिक बेरोगारी भत्ता देत। एकर अलावे मंत्रिमंडल सरकारी कर्मचारी लोकनि के आवासीय भत्ता मे सेहो वृद्धि कयलक अछि। कैबिनेट कुल पचीस प्रस्ताव के स्वीकृति प्रदान कयलक अछि।

———————————————————————————

रूपौली विधानसभा उप–चुनावक अधिसूचना जारी हेबाक संगहि नामांकन पत्र भरबाक काज आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि। उम्मीदवार एक्कैस जून धरि नामांकन पत्र दाखिल कऽ सकताह। नामांकन पत्रक जाँच चौबीस जून के होयत। जखनकि नाम आपसी के अंतिम तिथि छब्बीस जून निर्धारित अछि। मतदान दस जुलाई के होयत। जखनकि मतगणना तेरह जुलाई के होयत। विदित अछि जे जदयू विधायक बीमा भारती के त्याग पत्रक बाद ई उप–चुनाव कराओल जा रहल अछि। एहि मध्य जदयू के कलाधर प्रसाद मंडल रूपौली विधानसभा उप–चुनाव मे एनडीए के उम्मीदवार होयताह।

———————————————————————————

राजधानी पटना सहित प्रदेश दक्षिणी भाग मे भीषण गर्मी आ लू के प्रकोप जारी अछि। पछिला चौबीस घंटाक अंतर्गत सैंतालीस दशमलव दू डिग्री सेल्सियस उच्चतम तापमान के संग बक्सर राज्यक सभ सँ गर्म स्थान रहल। ई सामान्य सँ लगभग नओ डिग्री सेल्सियस बेसी अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे काल्हि सेहो राज्यक दक्षिणी भाग मे लू के स्थिति बनल अछि। एहि के लऽकऽ रेड आ ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि। एम्हर, किशनगंज, पूर्णियां, अररिया, सुपौल आ कटिहार सहित राज्यक उत्तर–पूर्वी आ दक्षिण–पूर्वी हिस्सा मे कतेको ठाम हल्का सँ मध्यम वर्षा भेल अछि।

———————————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति अठारह जून के होबऽबला डीएलएड प्रथम वर्ष आ एसटीईटी के पहिल दिनक परीक्षा के स्थगित कऽ देलक अछि। सत्रह जून के होबऽबला बकरीद पर्व के लऽकऽ ई निर्णय कयल गेल अछि। समिति कहलक अछि जे स्थगित परीक्षा के नव तिथि के घोषणा बाद मे कयल जायत। शेष परीक्षा अपन निर्धारित कार्यक्रमक अनुसार होयत।

————————————————————————————

उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा आइ पटना मे बिहार ललित कला अकादमी, भारतीय नृत्यकला अकादमी आ बिहार संगीत नाटक अकादमी के वेबसाइटक शुभारम्भ कयलनि। एहि अवसर पर श्री सिन्हा कहलनि जे विभिन्न अकादमी के वेबसाइटक माध्यम सँ बिहारक सांस्कृतिक विरासत के विषय मे लोकसभ के सुगमता सँ जनतब उपलब्ध भऽ सकत।

————————————————————————————

बिहार विधान परिषदक सभापति देवेशचन्द्र ठाकुर अपन पद सँ त्याग पत्र दऽ देलनि अछि। श्री ठाकुर सीतामढ़ी लोकसभा क्षेत्र सँ जदयूक टिकट पर निर्वाचित भेलाह अछि।

————————————————————————————

वरिष्ठ पत्रकार सुरेन्द्र किशोर के आइ पटना के जिलाधिकारी शीर्षत कपिल अशोक राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू के दिस सँ पद्म श्री सँ सम्मानित कयलनि। श्री किशोर अस्वस्थ हेबाक कारण दिल्ली मे आयोजित पद्म पुरस्कार समारोह मे सम्मिलित नहि भऽ सकल छलाह। श्री किशोर के भाषा, शिक्षा आ पत्रकारिताक क्षेत्र मे महत्वपूर्ण योगदानक लेल पद्म श्री सँ सम्मानित कयल गेल अछि।

————————————————————————————

पश्चिम पंचारण जिलाक बगहा नगर थाना क्षेत्र अंतर्गत शास्त्रीनगर मे गंडक नदी मे डूबि गेला सँ दू बच्ची के मृत्यु भऽ गेल।

————————————————————————————

मुजफ्फरपुर स्थित श्रीकृष्ण मेडिकल कॉलेज अस्पताल मे आइ तीन बच्चा मे एईएस के पुष्टि भेल अछि। अस्पताल मे एखन धरि एकतीस बच्चा सभ मे एईएस के पुष्टि भऽ चुकल अछि।

———————————————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।